TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 48

TENDA MUNA MWARI

Makore akapfuura ndaitaura nemunhu aiita basa rekuchengeta mabhiza achitengesera vamwe vanodawo mabhiza. Ndakange ndauya kuzotaura naye pamusoro pezvaidiwa nemweya wake. Pataitaura akabva ati, “Ah ini ndinotenda kuti pandichafa ndinenge ndichizoita serimwe remabhiza aya.” Mwanasikana wake akange ari pedyo naye akabva ati “Ah baba!” Takaramba tichitaura ndokubva azoti, “Ndinoshuvira kuti dai ndaitenda sezvaunoita.” Akataura mashoko aya nekuti iye akange asingatendi muna Mwari.

Zvino rega ndikutaurire chimwe chinhu. Kutenda muna Mwari chinhu chaunotosarudza kuita. Hazvigoneki kuti ini ndikutendere muna Mwari. Kwete hazviite. Iwe unofanira kutenda muna Mwari wakazvimirira. Kuda kwako kunokosha zvakanyanya pakuita kuti UTENDE MUNA MWARI kana kusatenda. Iyi inyaya yako yaunoita sarudzo yako. Kutenda isarudzo inobva pakuda kwako. Dzimwe nguva hedu tinoisa zvinhu zvinodzivirira kana kuvharidzira kutenda kwedu. Tinozviita nemaune asi tozoti “Handikwanisi kutenda.” Saka iye zvino handei kundima dziri mushoko raMwari rinova Bhaibheri dzvene kuti ritiratidze zvatinofanira kuita kuti tibvise zvinotivharidzira kutenda. Tinouya kuhupenyu hwaAbramu muna Genesi 15:1-6

“Shure kwaizvozvo shoko raJehovha rakasvika kuna Abramu muchiratidzo richiti ; “Usatya Abramu ndiri nhoo yako mubayiro wako mukuru chaizvo.” 2. Asi Abramu akati, “Haiwa Ishe Jehovha muchandipeiko sezvo ndisina mwana uye Eriezeri weDhamasiko ndiye achava mudyi wenhaka yangu here?” 3. Uye Abramu akati, “Hamuna kundipa vana; saka muranda ari mumba mangu ndiye achava mudyi wenhaka yangu.” 4. Ipapa shoko raJehovha rakasvika kwaari richiti, “Murume uyu haangavi mudyi wenhaka yako, asi mwanakomana anobva mumuviri wako ndiye achava mudyi wenhaka yako.” 5. Akamutora akamubudisa panze akati, “Tarisa kumusoro kumatenga uye uverenge nyeredzi uone zvirokwazvo kana ukakwanisa kudziverenga.” 6. Abramu akatenda Jehovha uye iye akamuti ndiko kururama kwake.”

Ndiri kuti dzimwe nguva tinoisa zvinhu zvinodzivira kutenda kwedu. Baba vedu Abramu vanotiratidza zvatinofanira kuita kuti tikurire zvinovharidzira kutenda kwedu. Chichemo chaAbramu chakazarura moyo wake kuna Mwari wake. Mwari vakange vamuvimbisa kuti vachamupa iye nevana vake nyika yese yaive pamberi pake. Kana iye asina mwana, hazvaizogoneka kuti Mwari vazadzikise chipikirwa ichi. Eriezeri wekuDamsko akange ari muranda wake. Yakange isiri hama yake yeropa. Zvichienderana netsika dzemazuva iwayo, Eriezeri ndiye aifanira kuzogara nhaka yezvinhu zvese zvaAbramu. Ndosaka Abramu akati, “Eriezeri weDhamasiko ndiye achava mudyi wenhaka yangu nekuti hamuna kundipa vana.” Zvinoita sekunge Abramu akange achipa Mwari mhosva. Abramu akati, “Hamuna kundipa vana” Ichokwadi kana tikatarisa munhoroondo Sarai mukadzi wake akange asingabereki. Mwari vakange vadzivirira dumbu rake kuti risaite vana. Abramu akange ari pamakore ari pakati pe 85 kusvika 90. Ndosaka akange achinyunyuta

kuna Mwari kuti, “Haiwa Ishe Jehovha muchandipeiko sezvo ndisina mwana… Hamuna kundipa vana.”

Tinogona kutonzwa zvainzikwa naAbramu. Kangani katikanamata asi Mwari havana kukunzwa? Tinonzwira urombo munyunyuti anova baba vedu Abramu aive murume ane kutenda kwakakura. Asi akati “Haiwa Ishe Jehovha, muchandipeiko sezvo ndisina mwana” Uku ndiko kwaive kunyunyuta kwaAbramu: Akataura chokwadi haana kunyeba. Zvakaratidzwa Abramu zvakapindura kunyunyuta kwake iye akapihwa mubairo wekutenda kwake. Mhinduro yaMwari inoratidza kutendeka kwaMwari pane zvavakavimbisa. Pakaitika izvi chaivharidzira kutenda kwaAbramu chakabviswa. Hongu, Mwari vakaudza Abramu kuti Eriezeri haasi kuzova mudyi wenhaka yake.Ndokumuti, zvino huya utarise kumusoro kumatenga. Verenga nyeredzi kana uchidzikwanisa.

Nhasi tave kuziva kuti kune mamirioni akazara kumatenga uko. Takati ongororei nhau yenyeredzi iyi tichidzidza pamusoro pekusikwa kwenyika. Takazviongorora zvakadzama zvekuti unombofunga kuti nyeredzi idzi hadzina magumo. Mwari ndokubva vati, “Ndizvo zvichaita vana vako.” Ndinoda kuti unyatsoona zvinotaurwa neBhaibheri pamusoro pababa vedu Abramu. “Abramu akatenda Jehovha, uye iye akamuti ndiko kururama kwake.” Pano Abramu murume ane makore ari pakati pe 85 kusvika 90. Mwari vakamuudza kuti uchaita mwana. Uchava nevana vakawandisisa. Abramu akatenda zvakataurwa naMwari. Haiwa pano paive negamba rekutenda. Mukuru wekutenda. Mwari vakasimbisa zvavakange vavimbisa Abramu. Iye akazvitenda.

Ini ndinofungawo kuti Mwari vane zvavari kusimbisawo kwauri. Pamwe Mwari havasi kuzokuti uverenge nyeredzi asi chipikirwa chavo ndechechokwadi nokudaro unofanira kuvimba navo. Ndinoziva zvazvinoita kugara uchifunga kuti asi Mwari vakanganwa here zvavakavimbisa. Ndinozviona ndichimira naAbramu ndichibvunza kuti “Haiwa Mwari, ko izvi muchazviita Seiko?” Pamwe iwe uri panzvimbo imwe chete neyandiri. Ini ndinokurudzirwa pano nekuti Mwari havatisiyi tisina kugutsikana. Vanosimbisa kutenda kwedu nezvipikirwa zvavo. Iwe unogona kuvatenda uchiva nechokwadi chekuti vachaita zvavakavimbisa.